Demek, berilgen teńsizlik $a \ge -2$ bolǵanda ǵana sheshimge iye boladı.

5-mısal. Teńsizlikti sheshiń: $a^{x^2-6x} < 1$.

Sheshiw. Berilgen teńsizlikti sheshiwde tómendegi eki jaǵday boladı:

1). Eger $a > 1$ bolsa,

$$a^{x^2-6x} < 1 \Leftrightarrow a^{x^2-6x} < a^0 \Leftrightarrow x^2 - 6x < 0 \Leftrightarrow x(x-6) < 0 \Leftrightarrow 0 < x < 6.$$

2). Eger $0 < a < 1$ bolsa,

$$a^{x^2-6x} < 1 \Leftrightarrow a^{x^2-6x} < a^0 \Leftrightarrow x^2 - 6x > 0 \Leftrightarrow x(x-6) > 0 \Leftrightarrow \left[\begin{array}{l} x < 0 \\ x > 6 \end{array}\right.$$

3). Eger $a > 1$ bolsa, teńsizlik sheshimge iye emes.

Juwabı. Eger $a = 1$ bolsa, $0 < x < 6$;

Eger $0 < a < 1$ bolsa, $\left[\begin{array}{l} x < 0 \\ x > 6 \end{array}\right.$;

Eger $a = 1$ bolsa, teńsizlik sheshimge iye emes.

### Ádebiyatlar


1. Балаян Э.Н. “Новый репетитор по математике” – Ростов на Дону: “Феникс”, 2018.
2. Литвиненко В.Н., Мордкович А.Г. “Практикум по элементарной математике” – Москва: “Просвещение”, 1991
3. Амелькин В.В., Равцевич В.Л. “Задачи с параметрами” – Минск: “Асар”, 1996



**REZYUME**

Ushbu maqolada parametrli ko`rsatkichli tenglamalar va tengsizliklarni yechishning har xil usullari ko`rsatilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье приведены различные методы параметрических показательных уравнений и неравенства.

**SUMMARY**

The article presents various methods of parametric exponential equations and the inequality.


## BASLAWISH KLASS ANA TILI SABAQLARINDA SÓZLIK ÚSTINDE ISLEW OQIWSHILARDIŃ IMLA SAWATLILIǴIN TAMIYNLEWDIŃ BASQISHI SIPATINDA


**A.A.Embergenova –** *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq instituti*



**Tayanch so’zlar:** boshlang’ich sinf,o’quvchi, ona tili, imlo, so’zlik

**Ключевые слова:** начальная школа, ученик, родной язык, правописание, словарь

**Key words:** elementary school, student, native language, spelling, dictionary.


Balalar birinshi ret mektepke kelgen waqıtta bizlerdi qorshaǵan tábiyat, ortalıq tuwralı az túsinik penen keledi. Sonıń menen birge olardıń turmıs tájiriybesi, sózlik qorı da sheklengen. Sonlıqtan baslawısh klass oqıwshılarınıń birinshi gezekte sózlik qorın bayıtıw, turmıs tájiriybeleri menen tanıstırıw, ózin qorshaǵan tábiyat haqqındaǵı túsiniklerdi keńeytiw keleshekte bilim tiykarların alıwǵa qarata baǵdarlawdı óz ishine aladı.

1-klastıń «Álipbe» sabaqlıǵınıń 3-betinen, 9-betine shekem usı maqsetke baǵdarlanǵan. Kitapqa kirmegen geybir tema boyınsha sózlerdi muǵallimniń ózi tańlap alıp baradı. Bul tek birinshi klassta emes,al ulıwma baslawısh klassqa tiyisli bolǵan wazıypa.

Sózlik ústinde islewdiń maqsetine baylanıslı jumıs hár túrli baǵdarda, biraq bir maqsetke baǵdarlanǵan bolıwı shárt. Búl boyınsha minanday jumıslar shólkemlestiriwge boladı.

1. Oqıwshınıń óz dógeregin qorshaǵan ortalıq tuwralı bilimin, biliwin tereńletiw hám usı baǵdarda oqıwshılardıń sózlik qorın bayıtıw.

2. Házirgi dáwirde mektepke kelemen degenshe balalar radio, televizor, kino h.t.b. hár túrli maǵlıwmatlardı esitedi, kóredi, sonıń nátiyjesinde olardıń qabıl etiw uqıbı tereńlesedi hám kóp sózler menen tanıs boladı.

Solay etip balalar mektepke bir qansha sózlik qorı menen keledi. Biraq bul sózlerdi turmısında qollanıp júrgen menen onıń mánilik jaǵına onsha kewil bere bermeydi. Sonıń ushın usı baǵdarǵa baylanıslı muǵallim bul tuwralı gúrrińlesiw,sóz dúnyasınıń sırın úyretiw menen shuǵıllanadı.

3. Ballada sózlik qorı óziniń qatnas jasawǵa múmkinshilik beredi dep qaragan menen, onıń sózligindegi sózlik qorı tártipke túspegen.

4. Balanıń sózlik qorı belgili bir baǵdarda ǵana rawajlanǵan boladı. Bul óz turmısında qollanılatuǵın anıq sózler. Abstrakt sózler, ilimiy terminler olardiń sózlik qorında júdá siyrek gezlesedi. Sonlıqtan muǵallim óziniń náwbettegi jumısın oqıwshılarǵa abstrakt sózler, ilimiy terminler (fizkultura, matematika, botanika, geografiya hám t.b.) boyınsha alıp barıwı kerek.

5. Balalardń sózlik qorı óz dógeregi menen qatnas jasawǵa jetedi. Olar onıń hár kúngi esitkenin, oqıǵanı arqalı qabıl etken. Biraq onı tolıq baǵdarmalıq talapqa say qollana almaydı.

Sonlıqtan kópshilik sózler siyrek qollanılatuǵın bolıp turadı. Muǵallim hár kúni sabaq processinde aytqan sózlerin, óziniń sózlik qorındaǵı sózlerin sóylew hám jazba tilinde qollanıp barıwın qadaǵalap barıwı kerek.

Balalar ásirese tómengi klass oqıwshıları sózdi ırǵaǵına keltirip aytıwda kóp kemshilik jiberedi. Bul kemshilik balanıń uzaq waqıtlar shınıǵıwlar islewdiń nátiyjesinde dúzelip qáliplesedi. Sonlıqtan muǵallim hár kúni oqıwshınıń sózlerdi ǵáp ishinde durıs, ırǵaǵı menen, tásirli etip sóylewdi talap etip otırıwı kerek.

Ataqlı rus tilshi metodisti N.S.Rojdestbensriy: ”Balanıń sózlik qorı qansha bay bolsa, ol sóylewinde sózlerdi durıs qollana aladı, sózlerdiń bir-biri menen baylanısın kóre alsa onıń orfografiyalıq sawatlılıǵı joqarı boladı degen edi.

Sóz baylıǵın jaqsı iyelegen, óz tiliniń imkaniyatlarınan kereginshe paydalana alatuǵın oqıwshı álbette, basqa oqıw predmetlerinde bir qansha ańsat hám tolıq ózlestiredi, onda bilim hám mádeniyatqa bolǵan umtılıw kúsheyedi. Oqıwshılardıń awızeki hám jazba sóz baylıǵı barabar ósip, rawajlanıp barıwına erisiw úlken áhmiyetke iye. Sóz baylıǵınıń rawajlanıwında erkin pikirlewinde ásirese kelbetlik sózler úlken rol oynaydı. Sebebi bunday sózler oqıwshınıń sóz baylıǵın ósiriw hám mádeniyatlı sóylewge úyretedi. Oqıwshılardıń sóz baylıǵın kelbetlik sózler menen bayıtıw sóylewdiń sıpatın hám tásirsheńligin ósiredi, sóz zapası kelbetlik sózlerge bay bolǵan oqıwshı óz pikirin anıq, tásirli hám tıńlawshıǵa túsinikli etip jetkere aladı. Usı nátiyjelerge erisiw ushın tómendegi shınıǵıwlardan paydalanıw zárúr. Shınıǵıw túrleri bir qatar metodist alımlardıń jumıslarında keń túrde bayan etilgen. Metodist alım V.N.Mandish shınıǵıwlardı tómendegi belgilerine qarap ajıratadı:

1) orınlanıw maqsetine qarap;

2) orınlanıw ornına qarap (klassta orınlanatuǵın hám úyde orınlanatuǵın shınıǵıwlar);

3) óz pikirin bayan etiwine qarap (awızeki hám jazba shınıǵıwlar);

4) mazmunına qarap (fonetikalıq hám leksikalıq, jazba shınıǵıwlar).

Bunnan basqa da bul alım shınıǵıwlardı orınlanıw mazmunına qarap tómendegi tiplerge ajıratadı:

1) ótken oqıw jılında ótilgenlerdi tákirarlawǵa tiyisli shınıǵıwlar, «kirisiwge tiyisli shınıǵıwlar» yamasa tayarlaw shınıǵıwları dep ataydı;

2) belgili bir syujet tiykarında súwretler boyınsha orınlanǵan shınıǵıwlardı illyustrativlik shınıǵıwlar dep ataydı;

3) hár bir tema boyınsha berilgen shınıǵıwlardı bekkemlewge tiyisli shınıǵıwlar;

4) bir bólim boyınsha yamasa oqıw jılı aqırında tákirarlaw ushın berilgen shınıǵıwlardı juwmaqlawǵa tiyisli shınıǵıwlar dep gruppalaydı.

Metodist alım S.P.Redozubov [2.425] oqıwshılardı erkin pikirlewge úyretiw ushın tómendegi shınıǵıw túrlerin anıqlaydı:

1) berilgen teksten kelbetlik sózlerdi ajıratıw;

2) berilgen predmetlerge qarap tiyisli kelbetlik sózlerdi aytıw;

3) predmetti belgisine qarap tabıw (qızıqlı . . . . . );

4) berilgen sózlerden kelbetlik sózdi payda etiw (aqıl-aqıllı, qızıq-kızıqlı).

Psixologiyalıq hám metodikalıq ádebiyatlardıń analizi, baslawısh klasslarda oqıwshılardıń imla sawatliligiin úyretiwdiń házirgi awhalı hám bul awhaldı jaqsılaw, mektepte ótkerilgen tájiriybe-sınaw sabaqları tómendegi shınıǵıw túrlerin islep shıǵıw imkaniyatın beredi:

1) kelbetlik sózler túsinigin ózlestiriwge qaratılǵan shınıǵıwlar;

2) oqıwshılardı jańa sózler menen tanıstırıw hám mánisin túsindiriw ushın xızmet etetuǵın shınıǵıwlar;

3) bul sózlerdi awızeki hám jazba sóylewde aktivlestiriwge qaratılǵan shınıǵıwlar.

Tómende hár bir gruppaǵa kiretuǵın shınıǵıw túrleri haqqında sóz etemiz.

Kelbetlik túsinigin ózlestiriwge qaratılǵan shınıǵıwlarǵa tómendegiler kiredi:

1) berilgen sózlerdiń qanday sorawlarǵa juwap beriwin aytıń;

2) teksten (berilgen gápten, sózlerdiń arasınan), qosıq qatarlarınan kelbetlik sózlerdi ajıratıw;

3) óz betinshe oylaw shınıǵıwları.

Bul shınıǵıwlardı orınlaw ushın dáslep kelbetliktiń mánisi túsindiriledi, keyin sonday sózler anıqlanadı. Eger kelbetlik sózlerdi anıqlawda oqıwshılar qıynalıp qalsa, muǵallimniń járdemi menen bul jumıs orınlanadı. Gáptegi kelbetlik sózlerdi anıqlap, dápterge jazdırıw yamasa shınıǵıwlardaǵı ayırım kelbetlik sózlerdi awızeki sanatıw oqıwshılardı sol sózler menen tanıstırıw protsessi bolıp esaplanadı.

Oqıwshılarǵa sabaq protsessinde erkin pikirlewge úyretiwde kelbetlik sózlerdi túsindiriw sabaqlarınan bazıbirlerin keltiremiz. Máselen, qaraqalpaq tili sabaqlıǵında berilgen teksttegi kelbetlik sózler menen oqıwshılardı tanıstırıw tómendegishe shólkemlestiriledi. Dáslep shınıǵıw shártinde kózde tutılǵan tapsırma orınlanadı, dawıslı sesler anıqlanadı.

Tekst

«Marat biyday reńli iri adam. Onıń dóńgelek qara kózleri mudamı kúlip turadı. Qızılqumnıń qaq ortasına qonıslasqan, óziniń kózine júdá ısıq bolıp qalǵan Marattıń jayı tur. Onıń ústine qoylardıń jaqsı jaylawı, qısta jıllı qorası, mol ot-shóbi bolmasa onı baǵıp bolmaydı».

Teksttegi iri, qara, jaqsı, jıllı sıyaqlı sózlerdiń kelbetlik sózler ekenligin tanıstırıw shólkemlestiriledi. Oqıwshılar bul sózlerdi dápterlerine jazıp aladı.

İri

qara

jaqsı

jıllı

Muǵallim oqıwshılarǵa bul kelbetlik sózlerdi bárháma yadda saqlaw, kerek bolǵanda olardan sóylewde paydalanıw haqqında másláhát beredi.

Sonday-aq berilgen sózlerdiń arasınan kelbetlik sózlerdi ajıratıw. Máselen, qálem, ashshı, paxta, domalaq, doktor, tınıq, keń, uzın sózlerin ajıratıp oqıydı hám jazadı. Bunda kelbetlik haqqında túsinik payda boladı, yaǵnıy bilim ózlestiriledi.

Oqıwshılardı jańa sózler menen tanıstırıw ushın xızmet etetuǵın shınıǵıwlar qatarına tómendegiler kiredi:

1) predmetler, waqıya-hádiyseler haqqında ótkeriletuǵın gúrrińler arqalı jańa sózlerdi tanıstırıw;

2) berilgen sózdiń sinonimin aytıw;

3) sózdiń antonimin aytıw;

4) jańa sózlerdi tekstte keltiriw;

5) sózdiń mánisin anıq túsindiriw;

6) sózdiń bólegin analiz etiw.

Oqıwshılardı jańa sózler menen tanıstırıw hám mánisin túsindiriwge qaratılǵan shınıǵıwlardıń sóylewdegi áhmiyeti úlken. Bunday shınıǵıwlar oqıwshınıń sóz baylıǵın ósiriw maqsetin kózde tutadı. Birinshi gruppadaǵı shınıǵıwlar tanıs sózler tiykarında orınlansa, ekinshi gruppadaǵı shınıǵıwlar oqıwshı bilmeytuǵın, birinshi márte esitken, ushıratqan sózler tiykarında dúziledi.

Oqıwshılardı imla sawatlılıqqa úyretiwde jańa sózdi úyretiwdiń eń qolaylı usılı, buyım yamasa zatlarǵa qarap gúrriń ótkeriw. Bunday gúrriń nátiyjesinde oqıwshılardıń sóz baylıǵı tómendegi parametrlerge kóre jaqsılanadı:

1) sóz baylıǵı ósedi (aktivlesedi);

2) gáp quraw kónlikpesi rawajlanadı;

3) óz betinshe pikirlewi aktivlesedi.

Oqıwshılardı erkin pikirlewge úyretiwde awızeki hám jazba sóylewdi aktivlestiriwge qaratılǵan shınıǵıwlar gruppasına tómendegiler kiredi:

1) kelbetlik sózlerdiń sóylewdegi áhmiyetin kórsetiw;

2) buyım hám zatlar haqqında gúrriń waqtında sorawlarǵa juwap beriw;

3) tochkalar ornına kerekli gáplerdi qoyıp oqıw;

4) zattıń atına qarap sózlerdi eslew (aytıw);

5) didaktikalıq oyınları (Kim kóp sóz biledi, yamasa tabadı);

6) berilgen gápti basqa sózler menen keńeytiw;

7) zat hám buyımlar haqqında gúrriń etiw;

8) bayan hám shıǵarma jazıw.

Baslawısh klass oqıwshıların durıs jazıwǵa úyretiwde sózler menen tanıstırıw jumısı olar mánisin anıq túsinbegen yamasa ulıwma tanıs emes sózler boyınsha ámelge asırıladı, bunda ayırımların muǵallimniń ózi shamalap ajıratadı, ayırımların oqıwshılardan sorap biledi. Lekin jańa sóz sıpatında berilgen kelbetlik sózlerdiń hámmesi de oqıwshılardıń sóz baylıǵında aktivlespeydi.

Sóylesiwge tiyisli sózler ǵana oqıwshılardıń sóz baylıǵına alıp kiriledi.

Kitabıy sóylewge tiyisli sózler tekstte hám qosıq qatarlarında ushıraǵan waqıtta tez túsiniw múmkin bolǵan dárejede úyretiledi, bunnan artıq jumıslar orınlanbaydı.

Qosıq qatarları hám jumbaqlardı oqıp úyreniw protsessinde oqıwshılar tilimizdiń barlıq gózzallıqları, bunıń úlken bir bólegi kelbetlik sózler ekenligin bilip aladı.

Tochkalardıń ornına berilgen kelbetlik sózlerdiń qaysı birin qoyıw maqul ekenligin aytıw.

Kóshede . . . . . . . terekler ósip tur.

Bizler . . . . . . . . kino kórdik.

Muǵallim . . . . . . . . kitap oqıp berdi.

Paydalanıw ushın sózler: jasıl, mazalı, aq, sulıw, qara, biyik, qızıqlı, domalaq, qalıń, ájayıp, ashshı t.b.

Oqıwshılar tochkalardıń ornına berilgen sózlerden sáykesin tawıp jazıwları talap etiledi.

Didaktikalıq sóz oyınları.

«Kim kóp sóz aytadı»

qara, ala, aq, qızıq, taza, mayda, ashshı, qızıqlı t.b.

Muǵallim bir sóz aytadı, sózdiń keyni qaysı ses penen tamamlansa, sol sesten baslanatuǵın sózdi aytıp dawam ettire beredi.

Baslawısh klass muǵallimi oqıwshılardıń sóz baylıǵına kiritiliwi kerek bolǵan jańa sózlerdi anıqlaydı, oqıwshılardıń passiv sóz baylıǵına tiyisli bolǵan sózlerdi belgilep aladı. Dáslep jańa sózlerdi oqıwshılardıń passiv sóz baylıǵına kiritiw, keyin passiv sózlikti aktivlestiriwge tiyisli jumıslar ámelge asırıladı.

Sabaq protsessinde tekstlerdi hár túrli jollar menen orınlaw, máselen, kórsetpelilik, hár túrli didaktikalıq oyınlar tiykarında orınlaw oqıwshınıń ana tili sabaǵına hám shınıǵıw orınlawǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın tárbiyalaydı, bilim dárejesin ósiredi.

Jańa sózdiń mánisin úyretiwge qaratılǵan shınıǵıwlar gruppasına tómendegiler kiredi:

1) sózlerge qarap predmettiń atların jazıw;

2) sózlerdi qatnastırıp gápler quraw;

3) bir sózge bir neshe mánili sózlerdi tańlaw;

4) sózlerge qarama-qarsı mánili sózdi tabıw;

5) berilgen gáplerdi kóshirip jazip, qaysı birinde sóz óz mánisinde, qaysı birinde kóshpeli mánide qollanǵanın ajiratıw;

6) berilgen gáplerdi kóshirip jazip, sózlerdiń mánisin túsindiriw.

Ámelde joqarıda sanap ótilgen shınıǵıwlardıń dáslepki tórt túri keń qollanıladı. Sonlıqtan olarǵa ayırıqsha toqtaymız.

Berilgen gáplerdi oqıp, qaysı birinde sóz óz mánisinde, qaysı birinde kóshpeli mánide qollanılǵanın aytıw talap etiletuǵın shınıǵıwlardan 3-4-klasslarda paydalanıw jaqsı nátiyje beredi.

Máselen, Gúldirmama tındı. Samal páseydi. Tábiyat saqıy jerge gúller tóseydi. Kanaldıń eki boyına biyik terekler ósken.

Oqıwshılardıń awızeki hám jazba sóylewlerine qoyılatuǵın tiykarǵı talap pikirdi anıq, mazmunlı, izbe-iz bayan etiwden ibarat.

Awızeki sóylew menen jazba sóylew bir-biriniń ósiwi hám rawajlanıp barıwı ushın xızmet etedi. Awızeki sóylewden baqlanatuǵın maqset – awızeki bayan etiletuǵın pikirlerge sáykes sóz hám gáplerdi tezlik penen taba biliwge úyretiw, sóylew dawamında pikirdi rejeli túrde bayan etiwge úyretiw, óz pikirin durıs, izbe-izlik penen aytıwǵa úyretiwden ibarat.

Jazba sóylewdi ósiriwden maqset – oqıwshılardı hár tárepleme puxta oylawǵa, sózlerdi durıs jaza biliwge úyretiwden ibarat.

Oqıwshılardıń awızeki hám jazba sóylewi barabar ósip rawajlanıp baradı.

Oqıwshılardıń erkin pikirlewin rawajlandırıw olardıń sóz baylıǵın jánede bayıtıw, tásirsheńligin asırıw imkaniyatın beredi.

Bir sózdi basqa sóz benen almastırıw talap etiletuǵın shınıǵıwda hár bir gáp ushın aldın ala bir neshe sóz berip qoyılǵan boladı. Máselen, «Mende qızıl kóylek bar» gápindegi «qızıl» sózin almastırıw ushın «shıraylı», «sulıw», «gózzal» sózleri, «Bizler jaqtılı klassta oqıymız» gápindegi «jaqtılı» sózin almastırıw ushın «keń», «taza» sıyaqlı sózler beriledi.

Usınday túrdegi shınıǵıwlarda sózler aldın ala berip qoyılmasa, oqıwshılardan gáptegi ajıratıp kórsetilgen sózdi almastırıp oqıw ushın bir neshe sóz oylap tabıw kerek boladı, nátiyjede shınıǵıwdıń dárejesi jánede artadı.

Joqarıda berilgen shınıǵıwlardı ámelde qollanıwda oqıwshılardıń aktivligine úlken dárejede itibar beriledi. Bul shınıǵıwlar oqıwshılarda sózdiń mánisin hár túrli jollar menen óz betinshe túsinip barıw kónlikpesin de payda etedi.

Bul dárejede oqıwshılardıń sóz baylıǵınıń ósip atırǵanınan ǵana emes, bálkim aqılıy hám óz betinshe rawajlanıp baratırǵanına dálil bola aladı.

## Ádebiyatlar


1. Львов М.Р. Методика преподавания русского языка в начальных классах [Текст] / В.Г. Горецкий, О.В. Сосновская. – М.: Академия, 2007. –С. 462.
2. Редозубов С.П. Методика обучения чтению и письму в начальной школе -М.: 1961, -С. 425.
3. Соловейчик М. С. Русский язык в начальных классов: Теория и практика обучения: учеб. Пособие для студентов пед.учеб. заведений по спец. «Педагогика и методика начального обучения» [Текст] / П. С. Жедек., Н. Н. Светловская, М.С.Соловейчик и др.; под ред. Соловейчик М.С. – 3-е изд. –М: «Академия», 1997. –С. 302.
4. Подласий Педагогика. -М.: 1999, -С. 259.



**REZYUME**

Maqolada boshlang’ich sinf ona tili darslarida so’zlik ustida ishlashning imlo savodxonligin takomillashtirishdagi o’rni haqida so'z etiladi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассказывается о роли работы над словарем на уроках родного языка в начальных классах в совершенствовании орфографической грамотности.

**SUMMARY**

The article describes the role of working on a dictionary in the lessons of the native language in primary school in improving spelling literacy.


## ЖОҚАРЫ ТӘЖРИЙБЕЛИ ПАЛЎАНЛАРДЫҢ ШАҚҚАНЛЫҒЫН АСЫРЫЎ УСЫЛЛАРЫ


**Б.Қ.Еримбетов** – *педагогика илимлери бойынша философия докторы, доцент*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** спорт, кураш, чаққонлик, тизим, тайёргарлик, сифат, координация.

**Ключевые слова**: спорт, кураш, ловкость, система, подготовка, качество, координация.

**Key words:** sport, kurash, development, adroitness, system, training, quality, coordination.


Хәзирги күнде бизиң жәмийетимизде денсаўлықты сақлаў ҳәм де беккемлеў ең бир актуал мәселелердиң бири болып табылады. Ҳәр қыйлы жаслар арасында ден саўлықтың төменлеўи, физикалық шынығыўлар муғдарының пәсейип кетиўи, әсиресе бул жаслар арасында көбирек нәзерге алынбақта.

Туўры шөлкемлестирилген өз бетинше шынығыўлар, оқыў шынығыўлары менен биргеликли түрдеги, физикалық жақтан тәрбиялаўдың ең жақсы нәтийжелилигин тәмийинлеп береди. Шөлкемлестирилген өз бетинше шынығыўлар жарыс алды процесслеринен келип шығады. Жоқары тәжрийбели палўанларды таярлаў, кураш пенен шуғылланып атырған жас палўанлар ушын еликлеўши бир үлги болып есапланады. Сонын ушын тәжрийбели палўанларды таярлаў процессин үйренип барыў мақсетке муўапық болады. Терминнинң кең мәнисинде жоқары тәжрий-бели палўанларды таярлаў бир тутас болып табылады.

Сол ушында бул жерде системалы методикалық жақынласыўға үлкен мәни берилип, онда өзгеше элемент ҳәр қыйлы система асты усыллары – физикалық, техникалық, тактикалық ҳәм психологиялық таярлықлар – катан бир структураға жалғанып, олар, яғный барлық элементлер, өз ара байланыста болғанда, бир – бирине үлкен тәсирин тийгизеди. Ҳәзирги заман жоқары тәжрийбели палўанлардың тактикалық – психологиялық таярлығының усыл қуралларынын роли айқын көринип турады.